

## RAGAD ADVERTENTIE:

Kabar premili: f 1 — 30 temboeng f 1.  
Langkoeng poen, saben 10 temboeng oetawi  
kirang: f 0,50.

Advertentie limrah: f 0,15 sagaris;  
(apes: f 1,25).  
Moendoet kapatjak langkoeng saking sa-  
pisan, oetawi moendoet dados lengganan,  
tepang rembag roemijn kalijan admini-  
stratie.

Hoofdredacteur:

D. M. HARDJASOEWANDA  
kabantoe  
REDACTIE - COMMISSIE.

## ISINIPOEN:

Demokrasi lan Demokrasi Katholieke — Noesoeli sega wadang — Karakter — Djagad goeroe — Rembagipoen Klenteng — Film Indonesia — Ngajodja — Pak Corn. — Serat saking nagari Walandi — Ontjén — Demokrasi poenapa demen krosi — Oerapsari — Panoentoening laré — Correspondentie.

## PRADJA RAHAJOE.

Demokrasi lan Demokrasi  
Katholieke.

Réhné samangké wonten ing pi-  
rembagian temboeng "DEMOKRA-  
SI (democratie)" saweg kerep ka-  
srambah, kapareng oedoe seke-  
dik, ngatoeraken poenapa tegesi-  
poen, lan poenapa ngesipoen, mena-  
wi wonten temboeng kagandeng  
kalijan temboeng demokrasi (oep.:  
Democratic Bestuur, democratisch  
stelsel, democratiche beweging lsp.)

Sakawit "DEMOKRASI" poenika  
kosok - wangsoelipoen "MO-  
NARCHIE" lan "ARISTOCRA-  
TIE". Déné Monarchie poenika  
pangerèh kadadosan saking tijang  
satoenggall, kados pangerèhing para  
nata djaman roemijn, tanpa parle-  
ment; aristocratie poenika pangerèh  
kadadosan saking para darah; wang-  
soel democratie, poenika pangerèh,  
ingkang katindakaken déning soe-  
soelhipoent tijang alit. Mila wonten  
ing demokrasi ngrikoe pangerèh ké-  
ning katembogaken "katjepen  
dénning tijang alit", oetawi ingkang  
ngerèh-negari tijang alit. Doemoegi  
samanten "demokrasi" mligi tegez  
politiek, amargi lésaning rembag  
"pangerèhing pradjad".

Teges politiek waoe ing bêndjingi-  
poen mroengsoengi, dados soeraos:  
pangarah dateng ratjak; artosipoen:  
sadaa bawahing negari oetawi poe-  
radjana, ingkang oegi nama tijang  
alit, menggahing wewenang, peng-  
jomaning angger, saged lan kenging-  
poen dados prijantoeing negari,  
paos, goegoer-goenoeng lansp. ke-  
dah kadamel sami, Nanging sami-  
ning tijang alit kalijan ingkang won-  
ten ing nggingil poenika ateges:  
tijang alit minggah dradjadipoen;  
mila demokrasi oegi wonten ingkang  
nemboengaken makaten (De Grijse):  
demokrasi ikoe:

- a.) koemoedoe-koedoe lan peng-  
gajoehing poeradjana marang  
madjoening ekonomi lan pol-  
itiek;
- b.) poeradjana, kang kadoenoe-  
ngan pepénginan lan peng-  
gajoeh kaja kang mentas ka-  
sebot ikoe;
- c.) pernatan-pernatan ekonomilan  
politiek (programs), kang ka-  
dadéjané saka pepénginan lan  
penggajoeh loro ikoe maoe;
- d.) kabèh partij, kang ngetog ka-  
rosan enggoné arep njandak  
perkara loro maoe;
- e.) goenggoeng-koempoeing a),  
b), c), d), lan e).

Poenika tjkak teges lan ngesing  
temboeng demokrasi. La CHRIS-  
TELijke DEMOCRATIE" oeta-  
wi "Demokrasi Katholieke" poenika  
poenapa?

Demokrasi Katholieke poenika ma-  
noet ngendika dalem K. S. Bapa Leo  
XIII boten sanès, kedjawi pangoe-  
di-daja, ingkang adamel rahadjeng-  
ing bangsa, langkoeng-langkoeng ka-  
oem miskin, toemindak manoit ang-  
gering kodrat, poenapa malih ang-  
gering Kitab Soetji. Pramila, réhné  
anggering kodrat lan anggering Ki-  
tab Soetji poenika boten toemoet  
éwah-gingsiring barang kamanoeng-  
san, pamboedi-daja (Demokrasi Ka-  
tholieke) waoe boten kenging goe-  
mantoeng saking woedjoeding pa-  
ngerèh; woedjoeding pangerèh ka-  
djingipoen: ingkang ambawahaken  
ratoe, poenapa présidèn, poenapa  
nata kalijan kamer (parlement) lan  
Demokrasi Katholieke kedah tansah  
saged lelajanan kalijan sadaja  
pangerèh, waton boten tjengkah  
kalijan kasoesilan toewin adil. Mila

# SWARA-TAMA

## SERAT KABAR KATHOLIEK

### Medal saben dinten Djoemoewah.

## REGINIPPOEN LENGGANAN

## SWARA TAMA

sampoen kalijan regining Soeara Katholieke:












































































1 taoen	f 7,50	{	njoewoen kabajar
1/2 "	f 3,75	{	roemijn.

Adresipoen Redactie lan Administratie:

## XAVERIUS - COLLEGE

## MOENTILAN N. I. S.

Drukkerij "Canisius" Djokja.



moe Paréntah anggatosaken sangat dateng karahadjenganing kawoela ing bab panoelaking sesakit.

Ing sawenéhing kaloerahan, di-poenwonten: „licht beelden“ bab sesakit kangé njeloang - njeloang-aken tijang ngrikoe. Nanging éman sanget, déné bangsa kita teksih kalah ingkang pitados dateng kapitadosan kina-kina boten anggega dateng bab: kadokteran.

Mila srananipoen ambéngkas makanan waoe inggih boten wonten sanès kadjawi inggih namoeng nedahaken kanjataan - kanjataaning bab kawroeh kadokteran.

Kados déné pabrik - pabrik samadamel griga pangoepa-karaning tijang sakit, poenika sampoen samestinipoen, kadjawi andjagéni para poenggawa, oegi tijang-tijang sakawa-tengening pabrik ngrikoe, dados nindakaken: sami - sami, sami angsalipoen.

Nanging, poenika dèrèng saptena, lah tanah Goeperménan rak boten wonten, toedjoenipoen sok wonten grijja sakit: „partikelir.“

Dados manawi Pamaréntah saés-toe manggalih kawiloedjenginan bangsa, temtoe boten badé kawratan maringi subsidie dateng jajasan makanan waoe.

Kala 5-5-'29 goeroe-goeroe Ngajodja ngempal dados satoenggal, mirengaken sesorah pangandikani-poen Dokter R. Soekanta, wasana ngedegaken cursus, kados ingkang katjeta ing nginggil.

Kawroeh waoe badé kawoelang-aken ing pangkat 5 lan 6, moerid ingkang sampoen saged nampi, tjalon dados bangsa, lan ingkang saged: „propaganda“ dateng tijang doe-soen, kantjanipoen, oetawi ingkang sami boten mambet sekolah. Poenika migoenan toemrap goeroe, moerid, bangsa.

Dados ing ngrikoe tjeta, bilih piwoelangipoen goeroe poenika boten namoeng piwoelang kasagedan tok, nanging oegi sadaja ingkang magepokan lan gesang.

Njata moenggoeh jén ta kaseboeta: oendagining bangsa.

Bangsa ingkang saé, boten kok namoeng: pinter, pinter, nanging oegi boten sami nilar tindak leres.

Sagedipoen makaten, wiwit alit kedah sampoen dipoadasari, ...lah poenika, goeroe ingkang kesampiran padamalan.

Jén makaten, goeroe poenika sanès padamalan: „gampil.“

Réhning padamelanipoen angé, dados inggih kedah gadah kekijatan ingkang tjekek.

Nikit wontenipoen koersoes-koersoes ing nginggil waoe, tjeta bilih padamelanipoen goeroe poenika: „mindak“ tinimbang roemijn....

Pigoenani-poen dateng moerid, bangsa inggih mindak.

Rak inggih mindak. ta...? lo, poenika, laras oetawi adilipoen...

Noewoen.

C. ORDEÉKA.

Rembagipoen Klentreng  
(Journalistiek)

Teroesipoen.

Bab I isiné kira-kira mangkéné.

Kepala afdeeling kwasa nglilani marang lid-lidung Redactie lajang kabar ing Indija Nederland (oega pembantoe-pembantoe sing tetep lan agent-agent enz. ....) kena nganggo perskaart, jaikoe tanda jén wong sing doewé ikoe: persman, anggeré netepi atoeran:

a. Panjoewoenan idin mesti menjang kepala afdeeling (Hoofd van Plaats: Bestuur of A.R.), ing pangonané si Journalist.

b. Kango sawatra pembantoe-pembantoe lajang-lajang kabar of agent pekabaran nieuwsgagentschapen, panjoewoenan idin mesti ngang-

\*) Mangé paos lan bajarani-poen laré siné inggih dipoen „doedoed“ poenika! Béla bangsa, koerban selira ing djamian „kabangan“ teka inggih teksih awis aosoipen. Red. Sw. T.

go lantaran Redactie oetawa Directive . . .

c. Modéling insigne (perskaart) sing nemtokaké lan sing mragadi pers.

d. Tanda-tanda sing dienggo déning journalist sagolongan moesti koedoe pada modéle . . .

Gt: É, é, dadi nganggo beslits beslits barang. Apa isih ana toenggal?

Kl: Isih; jaikoe bab II: Wong wong kang doewé tanda kaseboet bab I diparingi wewenang - wewenang sawatra, jaikoe:

a. Kena mleboe ing papan kebaikan (kobongan), koempoelan openbaar, ing panggonan gégér-gégérana lija-lijané, sanadjana enggon maoe didjaga poelisi oetawa militair.

b. Bab ing a mengko bisa ndjaloek keterangan-keterangan marang sing ngoewasani (panggedé), prnroe die-mot ing korané; mesti diwènèhi keterangan; kedjaba jén prakara maoe koedoe digawé geheim (wadi) disik, kango nggampangaké panliti.

c. Bisa oléh pitoeloengan panggedéning nagara oetawa militair, lan dililani mleboe ing saben panggonan kang pantas ditekani pers (wakilé), lan diwènèhi keterangan sapantesé jén maédahi pers oetawa publiek.

d. Perskaart moeng kena dienggo wong sing doewé déwé, ora kena disilihaké.

e. Tanda-tanda saking pers ikoe jén dienggo koedoe katon. (Dadi jén perspenning bisa digantotoengaké ing ranté djam saista mainan, déné jén woedjoed perskaart, dikantongi, samangsa ana perloené, ditoedoebaké).

f. Jén tanda (perskaart) maoe ora dienggo ing samestiné, oepama disilihaké wong lija, perskaarté ditja-boet. (Mesti baé jén konangan).

Bab III: Kepala afeeling kena ngowaha pranatan ing II a, b, c lan d, manœt pranatan plaatselijk, kanti saroedjoekan karo wakil pers ing kono.

Bab IV: Jén bestuur Indische Journalistenkring njoewoen kanti sebab njoekoepi, perskaart kena ditjaboet. (Dadi saka panjoewoenoë bestuur I. J. K.)

Jén Journalist arep leloengan noenggang sepoer S.S., oléh soedan 25%; jén mraoe K.P.M., ija bisa oléh soedan, anggeré sadoeroengé, wis awéh weroeh (kirim lajang) disik.

Gt: Ta, apa ora seneng dadi Journalist? Jén noenggang sepoer oléh soedan 25%. Ora satistik lo 25% ikoe! Dadi oepama akoe Journalist, njoepora saka Djocca — Poerwokerto, oléhkoekoe toekoe kartis teroes moeng f 1.575 ngono pa?

Kl: Ora. Disiké toekoe kartis woetoeh, noeli diprisakké karo noedoehaké bewijs (journalistenrebiwijs), soepaja ditékeni.<sup>1</sup>) Déne bewijs maoe oléh saka panggedéning S.S. Mengko jén wis tekan station sing diparani, bisa nemoni station-chiefing kono, ndjaloek doe wit balén sing 25% maoe, lan mesti baé bandjoer dikentjeng.

Gt: Dadi ngono ta. Saiki akoe ngasil manéh, kowé sing disik maoe moeni kritak-kritik, ikoe apa hè?

Kl: Ijah, ana kritik baé ditakok-aké apal Saben iroeng mesti ngerti. Kritik ana warna loro, afbrekende critiek lan opbouwende critiek. Sing disik moeng moerih roesaké, déné opbouwende critiek ikoe soepaja dabel betjiké. Saméné disik, kang.

Gt: Ija, Fransch adja lali!

AKSAMANTA  
Pinggi Mrawoe.

1) déning Stationchef.

## KOEROE SÉTRA.

### Film Indonesia.

Ie. Bedrijf.

Als Katholieke wil ik leven, en als Katholieke wil ik sterven. (Pedjah-gesang-koela badé pedjah-gesang-ting tijang Katholieke sedjatos). Kéng kagem meditatieve! . . . Ing sadérèng moeter film . . . , kaparena ngatoeri extra sakedik gegaoetan kalijan artikeliopoen:

a. Ki Demang bab kritiek toemoejdjoe saoedara Pramila saking sad. Rud. Rad. Jasa, trepan ing Djanget Pakné Soe. Jén poenika mila makanen, wah hem ngisin-isini banget, leres? noot Red. wedi ta: . . . malah tjara . . . actie mboebrahisme: wah memelas sanget, nélakken jén boten kagoengan standpunt, wéh saja tjlaka banget, ana ing kéné diésemi, ana ing kana dipéroti. Sadérèk, sampoen kagét, sadjatosipoen actie ingkang kados mekaten . . . . tansah wonten (koela atoeri menggalih ingkang ragi lebet). Sampoen ndjola, ning inggih sampoen ajem-ajeman. Dérèng dangoe poenika sad. kita (koela wani mestékaken jén poenika koelit daging kita pijambak). Kerisen Indonesiër Tawangsa damel kritiek artikel P. P. K. D. dengan P. P. P. K. I. wonten ing Darmakanda. Hem: Leiders P. P. K. D. dipenawastani trondol<sup>2</sup> (taksih ném ing sadajani-poen) onintelektueel. Koela boten badé tjawé<sup>2</sup> bab poenika; goemoen koela, wani moeni kaja ngono, koewi kaja ngapa té-terané néh, apa wis . . . ? Jén tanda satrika Kath. sedjati, ngritiuk inggih ngritiuk, pedes, boleh; oeger opbowwend, lan kaserat ing pers-ipoen pijambak; sokoer bagé karsa nandangi pijambak . . . ngéné loo nèk njekel P. P. K. D., ngéné loo jén ngleideri, ngéné loo, loo. enz. Oegeripoen adja ngéné loo nèk arep dadi partij-verader!! O, inggih poenika, wohipoen djaman sepoeh; dérèng<sup>2</sup> kémawon sampoen makanen . . . djiérihipoen; saiba oepami kados Mexico . . . ? Koela persoonlijk, langkoeng remen dipoen-leideri . . . prijantoe tjkapan kémawon, waton soekmanipoen intelektuel éstoe, timbang leider kados déné ki Tawangsa oetawi pisan Pakné Soe . . . actie pambibrach!! Seratan poenika boten ngadjak poban-paben, namoeng mligi ngadjak saé. Bambang Hercules, kapéngin tetabikian lan prijantoe-prijantoe: ingkang kagoengan actie makaten: „Nama saé langkoeng adji tinimbang banda. Mila, mbok inggih sami dipondjagi namanipoen!“

b. Saoedara Soetédja; inggih leres, kita kedah nggadahi tékad kados saoed. Stdj; boten kenging medaraken Schuilnamen. Redactie anggénipoen njepeng Redactie-geheim kados déné Pastoor lan bab ngaken dosa. Pastoor boten kapareng babar pisan medaraken dosa<sup>2</sup> ingkang sampoen kapidanganetaken dateng tijang sanès. Sadérèk, kita ingatgas ing bab poenika, bab boten kenging medaraken schuilnamen, kaanggepa koewadžiban ingkang loehoer sanget. Ingkang perloe boten persoenoipoen, nanging rembagipoen. Kita kedah tansah mbédaikan personen lan zaken. (Men moet scherp onderscheiden, tusschen personen en zaken).

c. Artikel saoedara Patjar Mérah, bab diploma. Pantjén njata, koela ngakeni éstoe, saja kanggé djaman samangké djaman moebal-moebalipoen temboeng: „intelectueel.“ Koela pijambak, naté mireng temboeng ingkang njlekitaken manah éstoe . . . kirang langkoeng makaten: Tjekaké jén moeng kaé baé, (ngéneti dipoloma.) doedoe golongan intelectueel . . . ora-orané bisa nindakaké. Tak-pal. Adoeh, oemoeké néh prijaji koewi. Pantjénipoen jén njata prijantoe kampijoen rak malah . . . marga kowé ora bisa . . . rénéja taktointoen . . . taktoeloengi. Kok malah dipal, toer terkadang ndadak nganggo émbél-

## DÉMOKRASI POENAPA DEMEN KROSI?

### Film Indonesia.

Ie. Bedrijf.

Kita boten saged ngoekiri, milih wonten ing ombjakking djaman samangké, kantja-kebawah „ora-kajakajaa“, anggénipoen badé toemoet njepeng kemoedining nagari, toemoet ngeréhaken. Djalaran, negari kirang saged anggénipoen njepeng pangoewaos — lho poenika pamahainipoen sadérèk ndjilegedag poenika! —, ngendikanipoen: „Tjoba, oepama akoe sing dadi . . . djéndral!“ Oetawi: „Wis toetoeg kok èh, enggoné kebawah, saiki merdika!“, kadjengipoen: „saiki mbawahaké“.

Ébah-ébah ingkang kados makanen poenika wiwit djaman kina sampoen wonten, mingslemp-mentjonegoel, déné ingkang loemintoe doe-moegi samangké, lahiripoen ing Éropah-Kilèn, mlimbar dateng Amérikah. Inggié ébahing djaman kados makaten poenika ingkang moeroegakan Pangeréh-Pangeréh samandoen pangoewaos — lho poenika pamahainipoen sadérèk ndjilegedag djiempol<sup>2</sup> (taksih ném ing sadajani-poen) onintelektueel. Koela boten badé saged, jén ta ngantos kaeréha ing tijang Djawi; oegi boten badé ngoetik-oetik tw. Djéndral Swart, ingkang mastani bilih tijang Bogis Ambon boten saged jén ta kaemora tijang Djawi; nanging saepami saés-toe para djempol waoe saged ndémokrasi kados kempalipoen doemoegi samangké, nanging Noesantara sa-Noesantara poenapa namoeng djempol<sup>2</sup> tok ingkang ngenggén! Lan mangé, jén — tijang boten mokal! — djempol sami gegraoetan, poenapa dridji, dientik boten sami noemoeti djempolipoen, menawi démokrasining poelo sami poelo namoeng wonten ing panoentoen? Mila raos koela, manawi ingkang kaggé tangsoel manoenggiling tijang Indonesia namoeng ndémokrasinipoen, margi anggénipoen roemaos sabangsa (?), poenapa dajanipoen. Ka-démokrasi-nan dipontoempangi politiek, margi anggénipoen kabawah ing Pangeréh satoenggal, inggih dèrèng katingal mitajani, djer tangsoel politiek saged pedot sawantji-wantji (oep. kémawon: propagandanipoen Aboel Moës poenapa sinten, dateng Selebes roemijn poenika? Poenapa teksih tapakipoen? Jén pasaréjani-poen controleur De Kat Angelino, ingkang diponperdjaja sadérèk mendem gadoeng, taksih! nanging pertalian politiek sampoen pedot!) Mila ngempalipoen Indonesia kedad mawi tangsoel sanès malih kediawi kalih waoe. Lha poenapa? Ékonomi? Handel? Kangé golongan sanès boten saged tjaos pitedah. Ing ngriki koela boten badé oemoek (inggih sanadjan meksa dipenawastan!), sadérèk Katholieke gadah tangsoel, ingkang sadérèk sanès boten gadah i. p. anggénipoen sami kabawah ing K. S. Bapa, anggénipoen sami Katholieke, anggénipoen sami noenggil kaantepan! Mila, kadang njosil lan molifiek Kath., sampoen medal saling kalangan Katholieke, sampoen padas-padas sandjawiing kring Katholieke, mangé pisah kalijan sadérèk pandjeneng katah, lho! Kedidjén, ditemoe koewoek!, kapiran mangé! Ngempal, ngempal! Tijang Katholieke panggénanipoen ing pakempalan Katholieke.

PRAMILA.

émbelan . . . weton anoe wé . . . baji wingi soré . . . wé. Éstoepoenoen koela goemoedjeng manawi soemerep prijantoe makaten poenika; ngaken intelectueel, terpeladjar . . . pinter, ning djeboel tegesing temboeng intelectueel kémawon boten ngertos. Poenapa ndjaraq njepélékaken, jén makaten saja memelas poenika. Soepados ingkang inggil boten kesangeten oemoekipoen lan boten ngalitaken manahipoen bangsa tjébol ingkang nedya toemoet madjeng, kaparenga koela ngatoeri poenapa tegesipoen temboeng intelectueel. Intelect (Fr. (Lat: Intelectus): ver-

standelijk vermogen (daja kenalaran); iem. met veel verstand (wong nalar). (M. T. Koenen ktj. 441). Hara, menawi ngaten poenika kados-poendi. Dados saged kalampahan wedalan Talénsche school oetawi babar pi-san tanpa sekolah . . . saged nama intelectueel. Rak inggih ta? Kalijan malih sadérèk, aosing tijang poenika boten namoeng doemoenoeng ing diploma lan uiterlijke waarde sanèsipoen oep: soegih, bagoes, be-soes l.s.p. ingkang perloe innerlijke waarde-nipoen. Goesti pijambak kados-poendi; Langkoeng ngaosi pangèn ingkang bodo-bodo, nanging

gah dateng kasregepan ngoengkoeli angan-angan badé tami pajaran. Boten nggoemoenaken manawi katab sadérèk ingkang ndawahaken dedoekan, awit saking bodonipoen laré, ingkang meksa nglepél piwoelang, sanadyan sampoen dipointer-rang-terangaken ngantos gamblang. Ingkang makaten waoe prajogi boten diponkeras, awit pikantoekipoen boten adamel maremung manah. Langkoeng pikoléh tinoentoen kanti sabar tlatoe kaoedi wewahing sregepiopo, tinimbang diponkerasidi-poengetak-getak. Kanggénipoen laré ingkang bodo, dipointer-rang-terangaken kantja-kebawah, boten wonten dian-ten belang dipon-gandjar paoekoeman, woesanani-poen temtoe a-litan manah, lan gadah panginten bilih badanipoen saéstoe boten saged

poenapa-poenapa, satemah pratjaja-nipoen dateng badanipoen pijambak sirna. Laré makaten poenika nginten badanipoen sékeng sanget, boten wani gadah ada-ada poenapa-poena, ing tembé medal saking pa-moelangan inggih keladjeng adjrihan, boten gadah greget ngajati njamboet-damel pijambak. Pramila saé laré poenika dipondamel ageng manahipoen, dipointer-rang-terangaken kantja-kebawah, boten mandeg toemoeléh. Tijang ingkang ndjem-paring, manawi manahipoen boten ngedap, gadah roemaos saged, temtoe titisipoen mindak, ndjalari katah djempeting ingkang kajéngé. Raos koewagang, boten mangoe-mangoe ing manah, saged adamel éringipoen tijang sanès, lan ndjalari andahan-andahan sami adjrih mbangkang, boten soewala ing dawoeh. Anggénipoen boten godjag-gadjet adamel agenging pratjajanipoen para ingkang sami dados kaléréhanipoen.

Kala koela teksih sinaoe wonten

boeroes, tinimbang Praboe Herodes ingkang misoewoer ambeg-sijani-poen. Nitik poenika, tjeta innerlijke waarde kedah karoemijnaken. Sadérèk, kita kedah tansah èngget, soekma resik 1 aosoipoen ngoengkoeli djagad. Mangka tijang R.K. ingkang sampoen baptis... Wah...??

Sampoen mindak kaladjeng-ladjeng: sapoena film koela badé koela poeter malih.

Hercules.

### Ngajodja.

1. Kala 4/5 Mei '29 I. N. P.O. afd. Mataram ngwontenaken semoewan — opvoering. — wonten ing Djajadipoeran.

Ingkang kapitontonaken: Beksa ngriki: peranggoen patih Sekipoe lan Gatoekatja, Beksa tjara ngrika Charlie Chaplin lo, kok inggih boten tijang ngrika kémawon ingkang saged; anggar: sabet Isp. ingkang katah bab: oelar-raga.

Basa ingkang kaggé ing ngrikoe, basa Indonesia — mladjeng — ingkang ningali sanadjan mawi prabéja wiwit f 0,18 — f 1,80 djedjel.

Ing atasipoen poenika pakarjani poen laré, inggih sampoen nama saé.

Wosing semoean: propaganda bab: Padvinderij lan andeder widji: kabangsan.

Moegi-moegi ngedalna: woh saé lan moerni.

2. Pakempalan „Bala keslamet-an“ ingkang doemoegi sepriki sampoen oemoer 66 taoen, soemebaring 80 nagari lan anggadahoi officier 200, kala 3/4 Mei ngwontenaken parepatan oemoer wonten ing soos: Handapraka, kanti dipointenggani Goepernoeripoen saking Bandoeng lan laré: piaran sawatavis ingkang sekedar-sekedap ngidoeng bab lelampahan Dalem Sang Kristoes kagatoekaken kalijan anggènipoen dolanan, ngidoeng; Goesti kasalib, laré-laré sami djedjèr tata amangoensalib, makaten oegi kala Goesti karoebong laré-laré alit Isp.

Nanging röhning: Djaman sampoenika, dipoenpropagandani Agami, toer kristen, ingkang noentoentijang ngrika, boten makan, tijang ndjawi ingkang dateng prasasat boten wonten, kadjawi laré-laré oetawi tijang langkoeng ingkang mampir, déning kabeka badé ningali dolanipoen laré-laré waoe.

Pantji tijang ngrika boten djodo dipoenadoni makaten, mangga M.D. manawi pinoedjoe sekatèn poenika

Lah manawi wonten „Openbare vergadering poelitiek,” wadoeh..... inggih soekoer tinimbangipoen samitem.

Namoeng pangadjeng-adjeng koela, moegi laré-laré Indonesia, ingkang wiwit alitsami wiwit dipointanemi, widji raos kabangsan, ingkang tjalon badé meningi djaman ngrekaos, ramé, kisroeh poenika samia tampi dederan widji tindak oe-tami.

3. Kala 5-5-'29 goeroe sekolah Djawi ing Ngajodja pepanggihan lan Dokter R. Soekanta.

Rerembagan ngedegaken Cursus kasarasan, ngrembag bab sasakit sawatavis, sinten ingkang kersa, kenging toemoet, tanpa bajaran, dawah dinten malem Senèn djam 7 — 8 witipoen kaangkah woelan ngadjeng. Cr.

**VARIA.**

Gandeng lan oréanipoen Patjar Méräh ing Sw.-Tm. no. 14, pérang Ontjén sekar Gambir Melati bab I, tjobot sandal oetawi slof jén anampi Panoenggal Soetji, poenika jén prijantoon poefti (kadang wanita) ingkang sampoen matoeh (kerep oetawi koelina) nganggé oetawi ngagem slof oetawi sandal limrah oetawi kiel (djinggring, djindjít) kadospoedi? La jén bebedan, tapanian (njampingan) nanging sepaton?

Bab 19 B, ing hormat-circulaire K. B. Prabalingga. z: Sw.-Tm. no. 13. Prijantoon ingkang boten saged goeneman tjara (nganggé basa) Walandi?

Kagem sadérèk ingkang tebih-tebih.

Lantaran Sw.-Tm. koela ngatoeri priksa jén ingkang sampoen klampahan ragi lami, sasampoenipoen ing Poerworedjo wonten PASTOOR, pakempalanipoen ngoendjoekaken koerban MIS SOETJI ing Keboemèn pendak sawoelan sapisan dawah Minggoe kapisan.

Kawoeningana dèrèng gadah jasan pijambak. Dados keterangan ing angka 4 ingkang wonten pé-rangan pari wara ing Sw.-Tm. no. 14 oetawi sanésipoen poenika, géséh.

Mila Sw.-Tm. inggih migoenani; saged dados soeloeh. Jén tjakat kadang saged takén-takén naroetoës. Sareng tebih pos-posan kadospoendi?

PAK CORN.

### Kaggé ngebaké klowongan.

Goemelarang djagad poentika wajar, isi manéka warni, lan roerœjèn mantja roepa.

Sampoen malih ingkang ma-nengsa, botena adjedjodjan, kewan-kémawon noen inggih makaten.

Ngoepados djodo boten gampil, angéj sajektos. Jén lepat pamilihipoen, gela nalangsa sadjegipoen.

Pados lan ngladosi mara sepoeh noen inggih boten nama baèn-baèn.

Djembar-djembaring djagad, ti-jang ingkang roepak djaduhanipoen, sepi kawroeh, kirang tawekal, ang-géné nglampahi salat sembahjang namoeng anoe bjoeng roeboeh-roeboeh gedang boten nganggé iman padang, wonten mara sepoeh éstri dateng mantoenipoen éstri kados maroe, malah kwedal boten roemaos gadah manteo. Jén ngoen-gel-oengeli mantoenipoen sake-njoh-kenjoh oeger saged mangap. Sapari - polahipoen sang manteo tansah winaonan, sanadyan saé-pisan. Kala-kala asring kwedal tem-boengipoen saroe. Boten mèmper jén sampoen wantji pantes momong poetoe.

Mila manoet djamanipoen prajogi jén patjangan roemijin, ngantos sawatavis lami. Preloenipoen tjalon manteo sageda soemerep dateng lagéan oetawi watak-wataking tjalon mara-sepoehipoen. (Poenika jén patjangan noenggil enggén tjaket). Jén ketanggor kados poenika ko-djoer noeroet woeloe, ngeres, ngenes sadinten-dinten.

Pak Corn. boten nama ngawon-awon, oemoek anggaté ngjetempon mèn diopahi gedang bangka. Boten, boten, amari njipati pijambak le-lampahan makaten poenika. Mandar asring kepeksa mradatani, saha tampi poenijoengen girajang boten saé, tjinatoer wonten wingking.

Mila doeh para sadérèk, moegi dèn waspada, prajitna. Sampoen sepi amemoedja njoewoen pitoe-loengen lan sawab berkahiopoen Iboe kita, inggih sang Iboe kenja, iboenoipoen GOESTI poepondèn sesembahan kita.

Sinten ingkang ngajom ing pada-dalem Djeng Iboe moerni sadati, boten badé katriwulan. Djandji man-tep, tetep, madep, boten noléh ngiwa nengen. Insja Allah, boten ngoetjiwanu.

Kadang nampéjan Gendir pendjalin a P. C.

(Serat saking negari Landi, saking R. C. Poeloenggana Red.)

### NGLANTOETING TYAS ANGLIMPOETI.

Banget temen nora 'ndoega, baja woes karsaning Goesti, pisahkoe lan tanah Djawa, sadoeroengé norangimpi; doek mantjal sing gigisik, rasa-ning tyas meksih rangoe; praoe amjak toja, toemamèng madyèng djaladri, anragantjang linamboeng aloan tan obah.

Titirahing tanah Djawa, kawistara kadya kentir, ing ombaking kang oeda-ja, membät - membät saja tebih, aloan loemembak gisik, sing man-drawa katon moeroeh, kadya mboen-tjang - mboentjanga, sésining rat ta-nah Djawi, jén sinawang pinda ke-roban sagara.

Rojoming ron-ronan wana, rijo-rijo mangjoenjoeni; jajah baloedroe-ginelar; djalérèhing djoerang tjoeri, tjomaraké larik-larik, angrengan agra-ning goenoeng, kang'ndandeng ge-gandèngan, kadya soeng sasmita wangsit: „Hèh, wong anom, poma disantosèng boedya.“

Betawi katon koemelap, petaking koeta wor angin, kapandoek soenar-ing soerja, lir mawa tjhaja awening;

Tandjoeng Priok tan kékisi, woes kesapoet amoen-amoen, samana ras-aning tyas, wiwit ngelangoet lir ngimpil, kareranta karasa kang ora-ora.

Jén ginoegoe saja krasa, soen le-lipoer nora lali, malah toenanem ing manah, nandes rosing sanoebar;

oepama adja éleng, moendi Ajahan linoehoeng, preloe nglaboehi apa,

nadyan woeroeng angger bali, jén

teroesa, tetep moeng liwoeng ing karsa.

Enboeh, endi kang prajoga, iko nora kleboe pikir, jén ngremboeg karsa prijangga, boronga ingkang nglakoni. Nging toemrap akoe jekti, ala banget lamoen moendoer, röh roemangsa katiban, sih Timbalan Dalem Goesti. Nging barèsé rasane kaja kijamat.

Roemasoek rasikèng drija, nglangoeting tyas anglimpoeti, kelingan kang woes soen-tilar, kabéh katon angranoehi. Doeh laré tanah Djawi,

abot temen rasaningsoen, pisah kala-wan sira, roemangsa nora koe-wawi, poking djantong kaja djinoe-wing-djoewinga.

Lamoen kelingan Ngajo-dja, doe-noeng tresnèngsoen jekti, lir wi-nenjet rasaning tyas, pinetet ing pok-rinoedjiti. Doeh para maos moegi, jwa mèsem éwa ing kalboe, ater koela tjablaka, tan ngémoeti kanan-kéring, wit koemedah-kedah medar rasèng drija.

Kawoeningana dèrèng gadah jasan pijambak. Dados keterangan ing angka 4 ingkang wonten pé-rangan pari wara ing Sw.-Tm. no. 14 oetawi sanésipoen poenika, géséh.

Mila Sw.-Tm. inggih migoenani; saged dados soeloeh. Jén tjakat kadang saged takén-takén naroetoës. Sareng tebih pos-posan kadospoendi?

PAK CORN.

Sawatavis moerih ledjar; djaré-djarén jén sedih, wedaling loeh ra-di-njoeda, lan tjarja troesing ati, ameper raosing perih; mila koela boten rikoeh, mijak wranuning drija, tji-ri-tadi kadi laré alit; jén dinalih réwa-réwa moeng soemangga.

Petenging djagad kaboodidajan ing tanah Soematra.

Nitik pawartos-pawartos ing da-lem serat kabar, koela mangertos: lalawananing kaoem berah kalijan ingkang mberahaken ing tanah ka-boedidajan Soematra, saja tebih, saja renggang. Koeli amedjahi pa-nagagipoen, poenika wonten ngriko, kerep kalampahan!

Malah sakting tanah Djawa, lir ketoengkoep ing djaladri, angles nglangoet rasaning tyas; kang katon moeng redi-redi, kawengan angin-angin, saja nenangi ngelangoet; da-noge 'ndjenger tan obah, nglangoet ngarsa miwah woeri, djroning batin moeng: fiat voluntas tua.

Wetoening loeh tjarotjosan, pi-nenggak-penggak tan keni; saoentara gja soen-oedja, tan nganggo rikoeh lan isin. Manoet pepali Djawi, kang mangkono nora patoet, doedoë wa-tak satrija, prija kongsi mebes-mili, nibuk loeh ikoe pantesé wanita.

Ja kono mangsa bodoa, sakarep lé ngarani. Nging samana rasèng tyas, nora kena dèn-sajoeti, anané koedoe nangis; emboeh jén Wong tanpa djantong, baja nora karasa; woes begdjane kang nglakoni; kang ginandjar karasa koedoe narima.

Ora loewih tanah Djawa, karija andoem basoeki, pisahkoe woes ing-soen sedya, nglaboehi karsaning Goesti; mangsa woeroenga bénédjing, nora lawas gé katemoe, iba boeng-hakoe baja; amoeng baé adja pa-ning, lamoen bésöek tekakoe kaja-gendroewa.

### C. Poeloeng.

## OERAP-SARI.

### SERAT KINTOENAN.

Karoekoenaan ing Moentilan. (Sandjawining tanggelen Red.)

Saking prijantoon sandjawining kalangan Katholiek Red. tampi serat kados ing ngandap poenika:

Moentilan poenika sami-sami kita alit kalebet ramé, prijantoonipoen oegi katal manéka warni, lirpoen golongan B.B. Pandhuis. On-derwijs, zoutregie, opiumregie, pest lan sanésipoen oedakawis wonten katal belahan. Karoekoenaan para prijantoon waoe kalebet saé, kajebet goelek roeket; ingkang alit ngroemoasi alitpoen, toewin ingkang ageng samata katal pañengkoenipoen ngroemoasi kalenggahanipoen dadas sesepoh.

Nging kawoeningana para maos!!! bokmanawi sampoen kinodrad ing Goesti jén Kawontenan ing donja poenika sokoegi wonten saéipoen oegi badé katingal awonipoen, babasan sampoen k o d r a d Allah makaten.

Ing Moentilan saben-saben wonten pri-jantoon a g e n g badé pindah sami ke-piék damel babadan (comité), nariki oeroenan tjalon katandjakan kaggé wragading pa-hargian oetawi pisoengsoeng kaggé tanda mripat. Boten amoeng poenika kémawon! Boten ngandak panggesangan bangsa koela rinengkoeh kados moedjangan. (réntjang toembasan).

Koela matoer makaten, boten ateges koela lila manawi bangsa koela dipoenengkoek-engkoek!

Boten ateges: koela lega manawi bangsa koela dipoen-garokaken, kaloekokaken kado-s maesa kémawon!

Boten ateges, koela boten mrinani manawi wonten ing djagad panggesangan bangsa koela rinengkoeh kados moedjangan.

Oesoelipoen serat kabar petak waoe nawaeng pikadeng ngreksa wilodejenging badan. Nging jén kasatitèkaken alandesan wataking bangsa,

saged ngawontenaken comité, nging lindoe Wanabasa, prahara nagari Walandi oegi makaten.

Salam taklim: TRIE - MA.

### ONTJÈN SEKAR GAMBIER MELATI.

### Petenging djagad kaboodidajan ing tanah Soematra.

Nitik pawartos-pawartos ing da-lem serat kabar, koela mangertos: lalawananing kaoem berah kalijan ingkang mberahaken ing tanah ka-boedidajan Soematra, saja tebih, saja renggang. Koeli amedjahi pa-nagagipoen, poenika wonten ngriko, kerep kalampahan!

Malah sakting tanah Djawa, lir ketoengkoep ing djaladri, angles nglangoet rasaning tyas; kang katon moeng redi-redi, kawengan angin-angin, saja nenangi ngelangoet; da-noge 'ndjenger tan obah, nglangoet ngarsa miwah woeri, djroning batin moeng: fiat voluntas tua.

Wetoening loeh tjarotjosan, pi-nenggak-penggak tan keni; saoentara gja soen-oedja, tan nganggo rikoeh lan isin. Manoet pepali Djawi, kang mangkono nora patoet, doedoë wa-tak satrija, prija kongsi mebes-mili, nibuk loeh ikoe pantesé wanita.

Ja kono mangsa bodoa, sakarep lé ngarani. Nging samana rasèng tyas, nora kena dèn-sajoeti, anané koedoe nangis; emboeh jén Wong tanpa djantong, baja nora karasa; woes begdjane kang nglakoni; kang ginandjar karasa koedoe narima.

Ora loewih tanah Djawa, karija andoem basoeki, pisahkoe woes ing-soen sedya, nglaboehi karsaning Goesti; mangsa woeroenga bénédjing, nora lawas gé katemoe, iba boeng-hakoe baja; amoeng baé adja pa-ning, lamoen bésöek tekakoe kaja-gendroewa.

Sinten ingkang ngertos oemoem-

ing wataking tanah ngrikoe, tem-toe goemoen manawi manah ka-wonten ing kaboodidajan ngriko, koeli ngrikoe makaten waoe, nama lepat-ipoen Walandi pijambak manawi tetijang ngrikoe ladeng sami oenjal-oenjanan. Saladengipoen Aankondiger amarsitakan soepados tetijang Walandi samia ngenggèni watak tresna mawi binoektèkaken. Manawi makaten Nederland toemrap Indië, ing bénédjing ladeng badé saged kados Sepanjol kalijan repoeblik-repoeblik ing Amerika Kidoel. „Lie-de, oprechte liefde, gekeenmerkt door grootmoedige dadan, zal in de toekomende tijden de beslissing doen vallen van Nederland voor zijn kolonies blijven zal wat de Spanjaard is gebleven voor de Zuid-Amerikaansche republieken.“ makaten wa-watonipoen Aankondiger.

Prakewis poenika pant

In plaats van kaartjes.

Ondertrouwd:

ENGELINE SOEHARMINAH  
en  
JUSTINUS DARGA.

Huwelijksvoltrekking 25 Mei 1929  
des morgens in de R. K. kerk  
te Klaten.

Ontvangst der gasten Zaterdag-  
avond 25 Mei 1929 bij de bruid te  
Tegalkoempoel Brambanan.

Ngatoeri priksa kala tanggal  
5 April 1929, koela kekalih ka-  
parangan momongan éstri wiloe-  
djeng. Koela namakaken:

"CRISTINA HARTATI"

Koela kekalih  
TÉDJOSOEKISMO.

PAKOLÈH TOER LOEWESAN  
SAÉ TOEWIN AWËT  
INGGIH NAMOENG  
**MERK GAZELLE**  
INGKANG AWOEDJOED  
ALCYON DUNLOP  
R. I. W.  
RIJWIELEN  
Nitjil kënging! — Kentjëng soekoer!  
GAZELLE HUIS — ROEMAH GIDANG  
MALIOBORO — DJOKJA — TELEF. 508.

R. I. P.  
Malem Ngahad, 11 Mei 1929,  
R. REDEMPUS DOELKAHAR,  
moerid Normaalschool  
Moentilan,  
tinimbalan ing Hjang Mah-  
asih wonten ing Petronella  
Hospitaal Ngajodja, sasam-  
poenipoen tampi Sakramèn-  
Sakramèn sangoening pe-  
djah. Ingkang poenika para  
sadérék kaswoeno bél-  
sembahjanganipoen.  
J. van Baal  
Rector  
Xav. Coll. Moentilan.

HEEL DE  
ARCHIPEL  
LEEST  
het R. K. Dagblad  
De Koerier.

TOKO H. SPIEGEL MALIOBORO 17  
DJOCJA.

MAGAZIJN VAN

LUXE- en HUISHOUDELIJKE  
ARTIKELEN

KINDERWAGENS — SPORTKARREN  
KINDERSPEELGOED

THEESERVIEZEN, 16 deelig f 5,75  
GASOLINE - LAMPEN f 12,50

WIDADANING  
PRIESTERFONDS

nedahaken bilih kita mangertos dateng  
wadjib lan sesanggèn kita pijambak.

Dalderep, ingkang sampoen moem-  
poeni prakawis boekhouding; dja-  
laran saking poenika jatra St. Melia-  
nia-werk tansah maremakek inggih  
theorie inggih practijk.

Pilihan bestuur énggal ingkang  
dados:

mevr. Hoogveld (Semarang) pangarsa.

" Hattink (Djokja) panitra.

" Bergman (Semarang) pang-

roekti - aria.

" Schmutzer (Gandjoeran) pam-

bantoe.

" Winotosastro (Wonogiri) pam-

bantoe.

" Hardjodiningrat (Djokja) pam-

bantoe.

" Matthee (Batavia) pambantoe.

Hr. Dalderep toewin Hr. Klo-

penberg, toekang ngawat-awati pa-

njeopenging kasboek.

Pandjenenganipoen Geest. Adv.

Rama Koch ngandika, bilih kawon-  
tenanipoen pamoelangan éstri pri-  
boemi ing tanah kita ngriki tansah  
kontit katimbang pamoelangan kang-

gé lare djaler. Mangka manawi kita

nggagas ingkang lebet, menggah

kamadjengenan éstri poenika perloe

kaedoed, awitlaré éstri poenika tem-

bé wingking ngrembag satek - kli-

wering grija, angoebengaken angsal-

angsal pakarjaning kakoeng, kanggé

ndjagi kawiloedjengenan batih sa-

brajet ingkang dados tetanggelan-

ipoen.

Pramila St. Melania-werk ngoedi

bab kemadjenginan éstri poenika

sampoen seljakipoen, nama boten

klintoe. Awit samangsa djoeroe

ngrembag pradja sesémahan kënging

kapitados panjepengipoen, ing tem-

bé wingking mestii sagead adamel

redjaning tijang sagrija. Éman-éman

sanget manawi ing djagad kita

ngantos pinanggih iboe Katholieck,

ingkang boten djangkep kawroehi-

poen bab pawéstri njepeng sampoer-

ning balé-grijanipoen pijambak.

Djalaran poenika pamoelangan éstri

pribomei ing ngriki perloe sanget.  
Menggah kawontenanipoen pa-

moelangan Canisius lan Melanja ing  
Solo sampoen gjak-gjak nama ma-  
remaken; pamoelangan éstri angsal  
bantoe moerid saking pamoelangan  
ingkang moeridipoen tjampoeran.

Wondéne ing wekdal sapoenia St. Melania-Werk sampoen angga-  
dahi pamoelangan 8 idji, semanten  
poenika ingkang 5 dèréng angsal  
soebidi. Wiwit ing wekdal poenika St. Melania badé amboedi daja soe-  
pados sadaja pamoelangan éstri  
Pribomei ingkang kanggé kaperloe-  
ning oemoem, sagead angsal pitoe-  
loenganing Kangdjeng Goepermén.

Menggah kawontenanipoen kliniek  
kanggé babaran (kraamverpléging-  
kliniek) oegi sampoen ketingal saé.  
Ing Solo sampoen kawontenaken  
lan oegi sampoen ngedalaken woh-  
ingkang maremakek. Namoen kliniek  
ing Meester Corlenis ingkang radi-  
kendo; tetijang Pribomei katah ing-  
kang dèréng mangertos maksoedi-  
poen kliniek waoe.

Saréhning pandjenenganipoen Zr.  
Fischer, pangagenging kraamverplé-  
ging ing Ngajodja, badé verlof  
dateng negari Welandi, bab sadaja  
padamelan badé kapasrahaken da-  
teng juffr. Rakinh kabantoe sdr.  
vroedvrouw saking Solo satoenggal.

Pakempalan matoer noewoen  
sanget dateng pandjenenganipoen Zr.  
Fischer, déné sampoen andanakken  
saliranipoen kanggé kabetahaning  
St. Melania-Werk, sopoena malih  
memoedi soegenga tindakipoen da-  
teng negari Walandi, lan oegi sa-  
kondoeripoen wangsoel malih ange-  
djawi.

Bab loemadosing serat-serat kaa-  
toer Kangdjeng Goepermén roemijn  
Canisius ingkang njekapken beta-  
hing St. Melania-Werk, sapoenia St. Melania gentos njagahi prakawis  
ngginggil.

Tjabang Poerworedjo njoewoen

dateng hoofdstuur, soepados boten 50%, nanging 25% oeroening contributie woelanan, awit ingkang 25% kangé njekapi kabetahaning tjabang, minangka miteloengi laré sekolah ingkang sèkèng. Bestuur marengaken.

Hoofdstuur badé damel boekoe pangéng-ènget, ingkang isi sadaja jejasan St. Melania-Werk toewin boekoe poenika badé kadananaken dateng para lid sadaja.

Wasana kinten-kinten djam 2 si-  
jang pakempalan katoetoep sarana  
ngloeraken Goesti Jésoes.

KABAR OEMOEM.  
Indonesia.

Dipoenpotjot saking pandamelan.  
Djoeroe serat Afdeelings Bank ing  
Pekalongan atas dawoehipoen ing-  
kang Boepati, kakéndelan saking  
pandamelanipoen, margi dados war-  
ganing P. N. I. Kalih minggoe sadé-  
réngipoen kakéndelan, sampoen ka-  
éngetaken boten kënging dados  
warganing pakempalan waoe.

Wawakiling Paréntah wonten ing  
Raad Kawoela kala parepatan ing  
taoen kapengker, sampoen naté ka-  
wedal temboengipoen asoeraos: 1e.  
Paréntah rena kémawon dateng pa-  
kempalan kabangsang ingkang boten  
ambabaji oetawi angrisak tata-  
harjadi. 2e. Pakempalan ingkang  
boten ambabaji waoe, kedah boten  
angsal ganggoe-dameling poe-  
lisi. 3e. Sadaja ambtenaar kapareng  
dados warganing pakempalan ing-  
kang makaten poenika.

Pangandikanipoen wakiling Paréntah  
waoe, ing basa Walandi makan-  
ten djangkepipoen: „De Regeering  
staat welwillend tegenover iedere  
nationalistische vereeniging, waar-  
van de openbare en huishoudelijke  
werkzaamheden, duidelijk en geheel  
binnen de door Haar gestelde gren-  
zen van rust en orde blijven. Zij  
wenscht dat vereenigingen welke  
aan deze voorwaarden behoorlijk

voldoen, van de zijde der politie  
geen bijzondere inmenging of con-  
trole ondervinden. Ieder ambtenaar  
kan van zoodanige vereenigingen  
lid zijn.”

Kawontenan ing onderneming  
saja awon.

De Courant sagead martosaken  
bilih kawontenan ing kaboeditajen-  
kaboeditajen Atjeh saja awon. Katah  
koeli anglawan pangageng. Mandar  
wonten ingkang ladeng damel de-  
monstratie amengsah poenale sanc-  
tie. Padjagen patrouile adjeg wonten.  
Ngantos kala tanggal 8 April dipoen-  
wonten pakempalanipoen perma-  
nente arbeidscommissie mligi kang-  
gé ngrembag kawontenan -kawon-  
tenan ing onderneming Atjeh. Na-  
nging poenapa ingkang karemang  
kala samanten boten wonten ingkang  
soemerep. Arbeidsinspectie kawer-  
tosaken langkoeng mempeng anggén-  
ipoen nindakaken papriksan. Kados  
ingkang sami kasoemerepan, sale-  
betipoen nem woelan pepedjah ing-  
kang margi panganijanipoen koeli,  
saja santer. Nanging prakawis poe-  
nika boten andadosaken sabab déné  
papriksan wonten onderneming saja  
kenteng.

Ladjeng..... Deli Courant njo-  
langaken bilih ing onderneming  
Kotari wonten koeli 16 dipoen-  
teng, sadaja waoe dados pakempalan  
kabangsang Djawi ingkang toedjoe-  
niopoen sakawit toembas kapeoran-  
tosing toekang tjoekoer, oetawi  
kënging kajekak ambarbier.

Kawoesananipoen djeboel, arta  
kontribisining pakempalan waoe  
mbéndjing tanggal 1 Mei 1930 badé  
kaanggé ngraman, andjalari para  
koeli kontrak ladeng mardika.

Ing poendi-poendi satanah Pasisir  
Wétan kininten wonten actie ing-  
kang makaten poenika.

(Mireng kawontenan makaten poe-  
nika gagasan koela warni kalih: 1e.  
Poenapa inggih ladeng leres panja-

krabawanipoen pers petak bilih para  
terpeladjar ingkang mlebet koeli  
kontrak poenika anggadahi pikajeng  
ngiras propaganda mérah ?? 2e.  
Miwha dinten 1 Mei poenika tja-  
ranipoen kaoem mérah. Ladjeng....  
pakempalan barbier waoe, anggén-  
ipoen badé damel ontran-ontran kok  
doemawah tanggal 1 Mei. Poenapa  
poenika boten kënging dipoen-gagapi  
jén pakempalan waoe pantjén dados  
totopéngipoen para remen damel  
gendra? Inggi para sakabatipoen  
wali Roeslan??)

Ir. Baars dados Arja Balik.  
Serat kakanttingan tanggal 8 Mei  
1921 angawisi Ir. Baars ngantik  
siti laladan Indonesia. Nanging a-  
wisan waoe sapoenia sampoen ka-  
tjaboet, margi Ir. Baars nglampah-  
aken rekés neda kaparengan ngantik  
tanah ngriki mailih. (Ir. Baars poe-  
nika anggénipoen roemijn boten  
angsal manggén wonten ngriki, margi  
anggadahi haloean kominis, ateges  
anglawan Paréntah Hindija. Sapo-  
enia kaparengaken wangsoel mrikil)  
Sok makaten dados Paréntah an-  
nganggep (temtoenipoen kanti wa-  
watlon) bilih prijantoon waoe sam-  
poen boten mbabajani; sampoen  
santoon haloean, oetawi inggih këng-  
ing katemoengaken sampoen  
ambalik, alias Arja Balik.

Pakartipoen Paréntah angapoenten  
tijang ingkang tjara sawoengi-  
poen sampoen kéjok, ingkang sam-  
poen kapok, poenika pantes dados  
pangalembana.

Margi ingkang makaten waoe,  
koela anggadahi pangadjeng-adjeng:  
„Jén tetijang bangsa koela ingkang  
kakéndangken saking noeswa Dja-  
wi lss. Karana politiek, sampoen  
ngatingalaken kapokipoen, Paréntah  
temtoe inggih badé ngagem tindak  
adil angapoenten tetijang waoe boten  
bédá kalijan anggénipoen sa-  
poenia sampoen angapoenten. Ir.  
Baars. Poenapa boten makaten??

KALAU BELI OBAT - OBAT

mémang tiada maoe pakai per-  
tjoema, melainkan boeat djaga  
keséhatan. Tetapi kalau tiada te-  
rima obat jang selamanja baroe  
dan paling baik, lebih pintar  
Djangan beli sama sekali.

Obat-obat keloearan roemah<sup>2</sup> obat

soedah terkenal berapa banjak  
poeloehan tahoen dan bisa dapat  
beli dimana-mana tempat. Kalau  
dapat beli tjap

„RATHKAMP” MALIOBORO

soedah terkenal berapa banjak  
poeloehan tahoen dan bisa dapat  
beli dimana-mana tempat. Kalau  
dapat beli tjap

„RATHKAMP” DJOKJA

tangoeng beli jang paling baik.  
Djaga tjap „RATHKAMP”

dan „ERCEE”

DJANGAN TERIMA BARANG JANG BARANGKALI KOERANG BAIK.

Baroe terbit:

PELAJARAN MEMEGANG BOEKOE DAGANG

Karangan GOUVTS ACCOUNTANTDIENST

dikeloearkan oléh:

BALAI POESTAKA — WELTEVREDEN.

Kitab ini baik sekali oentoek pelajaran bagi sàudagar - sau-  
dagar ketjil. Tjontoh-tjontohna lengkap dan terang; keterangan-  
keterangannya moedah dipahamkan, semoe diambil dari kedja-  
dian jang sebenar-benarnja.

Harganja soedah tentoe moerah sebagaimana segala boekoe  
keloearan Balai Poestaka, jaftoe f 0,80.

BATJALAH SOERAT BERKALA „SRI POESTAKA”  
(1× seboelan) DAN „PANDJI POESTAKA” (2× seminggoe).

MINTAL